



KÈK ENFÒMASYON SOU Asirans Sante pou Jèn Adilt yo

NY State of Health se Mache Ofisyèl Plan Asirans Sante Vil New York la.

Si ou gen 19 ane oswa plis epi w ap viv nan New York State, li kapab ede ou jwenn asirans sante nan yon pri w ap kapab peye.

Kijan pou mwen enskri nan yon plan?

 nystateofhealth.ny.gov

OSWA

 **1-855-355-5777** oswa

TTY:

1-800-662-1220

OSWA

 **Atravè èd gratis fas-a-fas**

nan men yon asistan

sètifye tou prè lakay ou

oubyen travay ou.

NY State of Health konfòme ak lwa Eta a ki anplas epi li pa fè diskriminasyon vi baze sou ras, koulè, orijin nasyonal, kwayans/relijyon, laj, sèks, eta / sitasyon famiyal, dosye arestasyon, kondanasyon penal, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, karakteristik predispozisyon jenetik, sitiasyon militè, viktim vyolans nan kay epi/ oswa vanjans.

Men 4 bagay enpòtan ou ta dwe konnen

1 Ou gen chwa

Lè ou se yon jèn adilt, ou dwe deside si pou w rete nan plan sante paran ou. Si ou deside pran pwòp asirans ou, w ap jwenn anpil chwa nan NY State of Health. Gen anpil plan ki nan diferan nivo pwoteksyon ak kondisyon peman. Sa vle di w ap gen chans pou jwenn youn nan sa ki satisfè bezwen ou yo epi rete nan limit bidjè ou.

2 W ap jwenn yon bon afè

Kèlkeswa sa yo koute, tout plan sante nou ofri nan NY State of Health dwe garanti 10 sèvis swen sante enpòtan. Sèvis sa yo gen ladan swen nan klinik yon doktè, swen nan lopital, sèvis pou ijans - menm sèvis prevansyon ak byennèt. W ap jwenn yon bon afè, kèlkeswa plan asirans ou chwazi a.

3 Gen plizyè opsyon bon mache.

Pou moun ki kalifye yo, Medicaid ak Essential Plan ofri menm kalite pwoteksyon tankou lòt plan sante epi w ap bezwen peye yon ti kras kòb oswa ou p ap bezwen peye anyen pa mwa. Medicaid pa gen okenn prim oswa franchiz ak kotizasyon ki ba; Essential Plan koute mwens pase yon dola pa jou, li pa gen okenn franchiz epi kotizasyon yo ba. Pou tout lòt plan yo, tcheke pou wè si ou kalifye pou èd finansye pou bese pri ou.

4 New York State te fè li fasil pou chèche ak peye pou asirans sante

Pou anpil moun, asirans vle di plede ranpli dokiman ak konfizyon. Nou konprann sa. Se poutèt sa, nou mete anpil espè ki resewva fòmasyon sou dosye a pou ede ou, etap-pa-etap, nan fason pou chwazi yon plan ki bon pou ou epi pou antre ladan. Ou kapab jwenn èd sa a sou entènèt, nan telefòn oswa menm kote w ap viv la oswa nan travay ou. Li disponib nan anpil lang tou.